**ÓZBEKSTAN RESPUBLIKASÍ**
**MEKTEPKE SHEKEMGI HÁM MEKTEP BILIMLENDIRIW MINISTRLIGI**
**QÁNIGELESTIRILGEN BILIMLENDIRIW MÁKEMELERI AGENTLIGI QASÍNDAĞÍ PEDAGOGIKALÍQ SHEBERLIK HÁM XALÍQARALÍQ BAHALAW ILIMIY-ÁMELIY ORAYÍ**

# ULÍWMA ORTA HÁM MEKTEPTEN TÍSQARÍ BILIMLENDIRIW SHÓLKEMLERI QARAQALPAQ (MÁMLEKETLIK) TILI OQÍW PÁNI OQÍTÍWSHÍLARÍN ATTESTACIYADAN ÓTKERIW USHÍN QÁNIGELIK SÍNAĞÍNDA PAYDALANÍLATUĞÍN TEST TAPSÍRMALARÍ SPECIFIKACIYASÍ

**Tashkent – 2026**

**MEKTEPKE SHEKEMGI, ULÍWMA ORTA HÁM MEKTEPTEN TÍSQARÍ BILIMLENDIRIW MÁKEMELERI PEDAGOG KADRLARÍN ATTESTACIYADAN ÓTKERIW USHÍN QARAQALPAQ TILI PÁNINEN QÁNIGELIK SÍNAǴÍ TAPSÍRMALARÍ SPECIFIKACIYASI**

Bul specifikaciya qaraqalpaq tili páninen ulıwma orta bilimlendiriw mákemeleri oqıtıwshıların attestaciyadan ótkeriw qánigelik sınaǵında paydalanılatuǵın test tapsırmalarınıń mazmunı, dúzilisi, túri, forması, bahalaw kriteriyası hám ótkeriliw tártibine qoyılǵan talaplardı ózinde sáwlelendiredi.

## I. Ulıwmalıq principler

Bahalaw maqseti – talabanlardıń qaraqalpaq tili, pedagogika, inglis tilin oqıtıw metodikası hám kásiplik standartlar boyınsha teoriyalıq bilimleri, ámeliy kónlikpe hám qábiletlerin kompleksli bahalaw. Usı bahalaw nátiyjeleri tiykarında pedagog kadrlar attestaciyasına qabıl etiletuǵın qararlar valid (tiykarlanǵan) bolıwın támiyinlew maqsetinde bahalawdıń barlıq basqıshlarında validlik, isenimlilik, ádalat hám ashıqlıq-áshkaralıq principlerine ámel etiliwi támiyinlenedi.

## II. Normativlik tiykarlar

1. Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń "Mektepke shekemgi hám mektep bilimlendiriwi ministrligi hám onıń sistemasındaǵı shólkemler jumısın nátiyjeli shólkemlestiriw is-ilajları haqqında"ǵı 2023-jıl 26-maydaǵı PP-79-sanlı Pármanı.

2. Ministrler Keńesiniń 2021-jıl 17-sentyabrdegi "Mektepke shekemgi, ulıwma orta, orta arnawlı, professional hám mektepten tısqarı bilimlendiriw mákemeleri pedagog kadrların attestaciyadan ótkeriw tártibin jetilistiriw is-ilajları haqqında"ǵı 572-sanlı Qararı.

3. Ózbekstan Respublikası Ministrler Keńesiniń 2023-jıl 29-dekabrdegi "Mektepke shekemgi, ulıwma orta, orta arnawlı, professional hám mektepten tısqarı bilimlendiriw mákemeleri pedagog kadrların attestaciyadan ótkeriw tártibiniń jetilistiriliwi múnásibeti menen Ózbekstan Respublikası Ministrler Keńesiniń "Mektepke shekemgi, ulıwma orta, orta arnawlı, professional hám mektepten tısqarı bilimlendiriw mákemeleri pedagog kadrların attestaciyadan ótkeriw tártibin jetilistiriw haqqında"ǵı 2021-jıl 17-sentyabrdegi 572-sanlı qararına ózgeris hám qosımshalar kirgiziw haqqında"ǵı 692-sanlı Qararı.

## III. Bahalawdıń dúzilisi

Ana tili páni oqıtıwshıları ushın qánigelik páninen 35, kásiplik standartlarınan 5, pedagogikalıq sheberlikten 10, jámi 50 test tapsırması usınıladı hám ulıwma test tapsırmasın orınlaw ushın 105 minut waqıt berilgen. Bunda jawıq test tapsırmalarınan (*bir durıs juwaptı talap etetuǵın test tapsırmaları (J1), sáykeslendiriwdi talap etetuǵın test tapsırmaları (J2) hám izbe-izlikti talap etetuǵın*

*test tapsırmaları (J3*) paydalanıladı. Qánigelik pánlerinen dúziletuǵın test tapsırmalarınıń mazmun tarawı hám bahalanatuǵın bilim hám kónlikpeler boyınsha bólistiriliwi tómendegi kestede sáwlelengen.

**Test tapsırmalarınıń mazmunı, bahalanatuǵın bilim hám kónlikpeler boyınsha bólistiriliwi**

*1-keste*

| Mazmunı | Bilim hám kónlikpeler | Testler sanı |
|---|---|---|
| **1. QARAQALPAQ TILI** | | **35** |
| **1.1. Oqıw sawatxanlıǵı (1 – 5 sorawlar)** | | |
| **Ilimiy-jámáátlik tekstti oqıp túsiniw** | *– tekst mazmunına sáykes maǵlıwmattı anıqlaw;*<br>*– maǵlıwmatlardı salıstırıw, ulıwmalastırıw hám waqıyalar izbe-izligin túsiniw;*<br>*– teksttegi sebep-nátiyjeni anıqlaw, fakt hám pikirdi ajırata alıw;*<br>*– tekst bólimleri arasındaǵı mazmun baylanıslılıǵın ańlaw;*<br>*– teksttiń tiykarǵı ideyasın hám avtor poziciyasın anıqlaw, verbal hám vizual maǵlıwmatlardı birlestiriw hám juwmaq shıǵarıw.* | 5 |
| **1.2. 1.2. Tilden ámeliy paydalanıw (6 – 12 sorawlar)** | | |
| **Sóylew hám imla** | *– sóylew hám imladaǵı hár túrlilikti anıqlay alıw;*<br>*– imlalıq jaqtan durıs jazılǵan sózlerdi anıqlay alıw;*<br>*– bas háripler, túbir hám qosımtalar, qosılıp hám ajıratıp jazıw, sızıqsha menen jazıw sıyaqlı imla qaǵıydaların biliw, paydalana alıw;*<br>*– fonetikalıq ózgerisler (sesler arttırılıwı, almasıwı hám túsiwi)di ajırata alıw;* | 4 |
| **Punktuaciya** | *– jazıwda irkilis belgilerin (soraw, úndew, kóp noqat; útir, sızıqsha, qos noqat; noqatlı útir, qawıs, tırnaqsha) durıs qollana alıw;* | 1 |
| **Stilistika** | *– qosımtalardıń konteksttegi wazıypasın túsiniw, ajıratıw hám durıs qollanıw;*<br>*– sózlerdiń konteksttegi mánisi hám wazıypasın túsiniw, ajıratıw hám durıs qollanıw;* | 2 |
| **1.3. Til teoriyası hám lingvistikalıq tallaw (13 – 33 sorawlar)** | | |

| | | |
|---|---|---|
| **Lingvistikalıq tallaw** | *– tekst (gáp)ti házirgi qaraqalpaq ádebiy tili fonetikalıq normaları tiykarında tallaw;*<br>*– tekst (gáp)ti házirgi qaraqalpaq ádebiy tili leksikalıq normaları tiykarında tallaw;*<br>*– tekst (gáp)ti házirgi qaraqalpaq ádebiy tili morfemalıq normaları tiykarında tallaw;*<br>*– tekst (gáp)ti házirgi qaraqalpaq ádebiy tili morfologiyalıq normaları tiykarında tallaw;*<br>*– tekst (gáp)ti házirgi qaraqalpaq ádebiy tili sintaksislik normaları tiykarında tallaw;* | 21 |
| **2. ÁDEBIY OQÍW** | | **2** |
| **2.1. Ádebiy talqı ( 34-soraw)** | | |
| **Kórkem tekst talqılawı** | *– teksten alınǵan úzindiniń ulıwmalıq mazmunın túsiniw;*<br>*– ashıq aytılmaǵan pikirler, ideyalardı ańlaw;*<br>*– úzindi tiykarında obrazlarǵa táriyip beriw.* | 1 |
| **2.2. Klassik janrdaǵı tekst (35-soraw)** | | |
| **Klassikalıq lirika talqılawı** | *– klassik janrdaǵı tekst mazmunın ańlaw.* | 1 |

**Tekstlerge qoyılatuǵın talaplar**

*2-keste*

| Q/t | Tekstler | Mazmunlıq talaplar | Muǵdarlıq talaplar |
|---|---|---|---|
| **1** | **Ilimiy-jámáátlik tekst** | *Akademiyalıq stilde jazılǵan, belgili bir tarawǵa arnalǵan, keń auditoriyaǵa (qánigesi emeske de) mólsherlengen, grafikalıq elementlerdi de óz ishine alǵan ilimiy-jámáátlik tekst (test tapsırıwshı ushın tanıs emes, ámeldegi sabaqlıqlarǵa kirgizilmegen)* | 350-500 sóz |

**Test tapsırmalarınıń mazmun tarawı, bahalanatuǵın bilim hám kónlikpeler boyınsha bólistiriliwi**

*3-keste*

| | |
|---|---|
| **1. KASIPLIK STANDARTÍ (36 – 40-sorawlar)** | **5** |

| | | |
|---|---|---|
| **1.1. Kasiplik standartlar** | – pedagogtıń kásiplik standartların (oqıw procesin jobalastırıw, bilimlendiriw nátiyjeliligin támiyinlew, ózlestiriwdi bahalaw hám qayta baylanıstı usınıw, tárbiyalıq jumıstı shólkemlestiriw, qáwipsiz rawajlandırıwshı bilimlendiriw ortalıǵın jaratıw hám támiyinlew, ózin-ózi rawajlandırıw hám kásiplik ósiw, kásiplesler hám bilim alıwshılardıń ata-anaları menen birge islesiw) biliw hám pedagogikalıq jaǵdaylarda qollay alıw. | 5 |
| **2. PEDAGOGIKALÍQ SHEBERLIK (41 – 50- sorawlar)** | | **10** |
| **2.1. Ulıwma pedagogika** | – pedagogika, didaktika, tárbiya hám jas psixologiyasınıń tiykarları hám qatnasların biliw hám berilgen jaǵdayǵa sáykesin tańlay alıw;<br>– pedagogikanıń principlerin (sanalılıq hám belsendilik, kórgizbelilik, sistemalılıq hám turaqlılıq, ilimiylik, teoriya hám ámeliyat birligi hám basqalar) biliw hám berilgen jaǵdayǵa sáykesin tańlay alıw;<br>– tárbiya hám onıń túrlerin biliw, bir-birinen parıqlaw hám berilgen jaǵdayǵa sáykesin tańlay alıw;<br>– sabaq hám onıń túrlerin biliw, sabaqtı jobalastırıw, shólkemlestiriw hám klastı basqarıw qatnasıqların anıq jaǵdaylarda qollay alıw;<br>– klass basshısınıń huqıq hám minnetlemelerin biliw, klass hújjetleri menen isley alıw, olardı júrgiziwde durıs izbe-izlikke ámel etiw, klass jámáátin durıs qáliplestiriw, qatnasta pedagogikalıq etika qaǵıydalarına ámel etiw, ata-analar menen birge islesiwdiń nátiyjeli túrlerin tańlaw, mashqalalı jaǵdayda eń maqul strategiyalıq qatnastı qollanıw;<br>– pedagogikalıq etika, sóylew, texnika, dóretiwshilik, pedagogikalıq ádep, bilimlilik/kompetentlilik, sóylesiw mádeniyatı, takt/náziklik, kreativlik, refleksiya hám kásiplik ósiw tiykarların biliwi hám berilgen jaǵdayǵa sáykesin tańlay alıwı;<br>– pedagogikalıq qábilet hám onıń túrlerin (didaktikalıq qábilet, akademiyalıq qábilet, perseptiv-pedagogikalıq qábilet, sóylew mádeniyatı, shólkemlestiriwshilik qábileti, kommunikativlik qábileti, avtoritarlıq qábileti hám basqalar) biliw hám anıq jaǵdaylarda qollana alıw;<br>– bilimlendiriw texnologiyaların (joybarǵa tiykarlangan bilimlendiriw, mashqalalı bilimlendiriw, birgeliktegi bilimlendiriw, evristikalıq bilimlendiriw, shaxsqa baǵdarlangan bilimlendiriw, interaktiv bilimlendiriw, differencial bilimlendiriw, integral bilimlendiriw, oyınlı bilimlendiriw, inklyuziv bilimlendiriw hám basqalar) biliw hám jaǵdaylarga sáykes keletuǵının tańlay alıw; | 7 |

| | | |
|---|---|---|
| **2.2. Oqıtıw metodikası** | – pán tarawı boyınsha oqıtıw qatnasları, metodikası hám texnologiyaların biliw;<br>– pán tarawı boyınsha oqıtıw usılları hám metodların parıqlaw hám berilgen jaǵdayǵa sáykesin tańlaw;<br>– pán tarawı boyınsha berilgen bilimlendiriw jaǵdayına baylanıslı qabıl etilgen qararlarǵa baha beriw. | 3 |

**Kognitiv kónlikpelerdiń bólistiriliwi**

*4-keste*

| Q/t | Kognitiv dáreje | Túsindirmesi | Test sani |
|---|---|---|---|
| 1 | **Biliw** | Pánge tiyisli teoriyalıq maǵlıwmatlar, terminler, qaǵıydalar, túsiniklerdi eslep qalıw, olardıń mazmunı, maqseti hám qollanılıwın túsiniw | 8 |
| 2 | **Qollanıw** | Bilim, túsinik hám proceduralardı jańa (tanıs emes) kontekstlerde qollana alıw | 35 |
| 3 | **Pikirlew** | Faktler, dáliller, pikirlerdi salıstırıw, talqılaw, boljaw hám juwmaq(lar) shıǵarıw | 7 |

## IV. Bahalaw kriteriyası

Test tapsırıwshınıń ulıwma balın esaplaw ushın hárbir durıs juwap ushın 2 ball, nadurıs juwap ushın 0 ball beriledi. Maksimal ball 100 baldı quraydı.

## V. Imtixan tártibi

*Qadaǵan etilgen qurallar:* imtixan waqtında mobil telefon, aqıllı saat, planshet yaki elektron esletpelerden paydalanıw qatań qadaǵan etiledi.

*Tártip hám intizam:* nusqa kóshiriw, járdem soraw yaki járdem beriw, imtixan dawamında sóylesiw, ruqsatsız shıǵıw sıyaqlı jaǵdaylar qadaǵan etiledi.

Baqlawshı tártip buzıwshılıqtı anıqlaǵanda, onı rásmiylestirip, tıńlawshını testten shetlestiredi hám nátiyjesi biykarlanadı.

## VI. Inklyuziya hám sáykeslendiriw

Jeke tálimge mútájligi bar talabanlar ushın qosımsha 15 % waqıt beriledi. Sonday-aq, tapsırmalardıń beriliw forması hám túri de olarǵa say hám qolaylı formada usınıladı.

Kóriw baǵdarında imkaniyatı sheklengen talabanlardıń sorawlardı oqıp beriwi ushın arnawlı texnikalıq járdemshi menen keliwine ruqsat etiledi, tek sorawdıń durıs

juwabın aytıwı múmkin emes.

## VII. Usınıs etiletuǵın tiykarǵı ádebiyatlar

### Qaraqalpaq tili

1. 2-klass. Qaraqalpaq tili sabaqlıǵı. G.X.Jumasheva. – Nókis: "Bilim", 2019.

2. 3-klass. Qaraqalpaq tili sabaqlıǵı. G.X.Jumasheva. – Nókis: "Bilim", 2019.

3. 4-klass. Qaraqalpaq tili sabaqlıǵı. I.Pirimjarova, A.Nauruzbaeva, A.Embergenova. – Nókis, "Bilim", 2019.

4. 5-klass. Qaraqalpaq tili sabaqlıǵı. A.Dáwletov, Z.Ayjanova, G.Dáwletova, X.Atabaev. – Nókis, "Bilim", 2019.

5. 6-klass. Qaraqalpaq tili sabaqlıǵı. A.Dawletov, A.Nauruzbaeva, A.Ótemisov, Z.Ayjanova. – Nókis, "Bilim", 2019.

6. 7-klass. Qaraqalpaq tili sabaqlıǵı. M.Dawletov, A.Abdiev, G.Abishov, A.Dawletova. – Nókis, "Bilim", 2019.

7. 8-klass. Qaraqalpaq tili sabaqlıǵı. M.Dáwletov, Sh.Allaniyazova, D.Seytqasimov, A.Dawletova. – Nókis, "Bilim", 2019.

8. 9-klass. Qaraqalpaq tili sabaqlıǵı. A.Bekbergenov, G.Mámbetnazarova, Q.Bekbergenov, A.Reypnazarov, J.Uspanova. – Nókis, "Bilim", 2019.

9. 10-klass. Qaraqalpaq tili sabaqlıǵı. Sh.Abdinazimov, A.Abdiev, J.Táńirbergenov. – Nókis, "Qaraqalpaqstan", 2019.

10. 11-klass. Qaraqalpaq tili sabaqlıǵı. Z.Ismaylova, B.Turımbetov, A.Dawletova. – Nókis, "Qaraqalpaqstan", 2019.

### Qosımsha ádebiyatlar:

1. "Házirgi qaraqalpaq ádebiy tili. Sintaksis" – A.Dáwletov, M.Dáwletov, M.Qudaybergenov. Nókis, "Bilim" baspası, 2009.

2. "Qaraqalpaq tiliniń orfografiyalıq sózligi" – M.Dáwletov, Sh.Abdinazimov. Nókis, "Bilim" baspası, 2020.

3. "Qaraqalpaq tiliniń túsindirme sózligi" – Avtorlar jámááti. Bas ilimiy redaktor Sh.N.Abdinazimov. Nókis, "Qaraqalpaqstan" baspası, 2023.

4. "Qaraqalpaq tiliniń frazeologizmler sózligi" – Q.Paxratdinov, Q.Bekniyazov. Nókis, "Qaraqalpaqstan" baspası, 2018.

5. K.Q.Orazımbetov. "Qosıq teoriyası" – Tashkent, 2010.

### Pedagogikalıq sheberlik hám kásip standartları boyınsha

1. Ulıwma orta bilimlendiriw mektep oqıtıwshıları ushın kásiplik standartı.

2. Mavlonova R.A., Umumiy pedagogika. Darslik. – Toshkent: Fan va texnologiyalar, 2018. – 528 b.

3. Xoliqov A. Pedagogik mahorat. Darslik, – Toshkent: "Bayoz" nashriyoti,

2025. – 504 b.
4. Tolipov O‘., Ro‘ziyeva D. Pedagogik texnologiyalar va pedagogik mahorat. O‘quv qo‘llanma. – Toshkent: “Innavatsiya-ziyo” nashriyoti, 2019. – 276 b

*Esletpe: test tapsırmalarınıń mazmunı usınıs etilgen ádebiyatlarda sáwlelendirilgen mazmun, princip hám kózqaraslar menen sáykeslendiriledi, biraq test tapsırmaları tikkeley dereklerden alınbaydı. Mamanlıq sınaǵına tayarlıq kóriw procesinde usınıs etilgen ádebiyatlar eslep qalıw deregi sıpatında xızmet etiwden góre, ulıwma kásiplik tayarlıqtı bekkemlewge qaratılǵan.